



Lakou Dèyè e Pi Lwen

Envestigasyon ak Glas

Timoun tout laj ap jwi eksperimentasyon ak glas. Eseye eksperimante ak tab kwizin oubyen ale deyò pou ankouraje ti syantis pou yo eksperimante ak glas!

Kisa ke ou bezwen:

- Glas: Sèvi ak cib glas ki nan frizè'w, oubyen dlo nan frizè nan gwo kontenè plastik ki ron, rektang, oubyen fòm ki diferan. Ranpli yon balon ak dlo epi mete li nan frizè. Si ou gen chans ase pou gen la nèj oubyen glas deyò lakay ou, kolekte enbe pou eksperimentasyon sa. ***Note: Dlo frizè ki nan konntenè plastik. Konntenè an glas kapab agrandi lè l'ap tounen glas e kapab kase.**
- Sèl pou tab, ti kal klorid sodyòm oubyen NaCl
- Sèl pou tab ki gwo, gwo moso klorid sodyòm oubyen NaCl
- Sab
- Sik
- Koloran manje oubyen dlo ki gen koulè
- Plato oubyen bòl
- Sèvyèt

Materyèl Opsyonèl: pensèt, dlo pou je, oubyen kiyè



Kisa pou fè:

- Plase glas la nan yon plato oubyen yon bòl.
- Mete diferan tip de materyèl (sèl, sik, sab) sou tèt glas la. Fè obsèvasyon sou sa ke ou konstate. Kisa diferan materyèl yo fè a glas la?
- Eskperimente ak youn oubyen de zouti. Eske ou kapab fè chanèl, tinèl oubyen trou nan glas la? Kisa ki pase lè ou mete dlo kolore?

Bagay pou Eseye:

Timoun ki pi gran kapab bay tèt yo defi, ak enfòmasyon ke yo te genyen sou glas, lè ou wè ki materyèl ki fonn glas la pi vit e anrejistre obsèvasyon an.

Ankouraje timoun ki pi piti yo pou yo sèvi ak sans yo. Kijan ou santi glas la? Kijan ke li sanble si ou gen krak oubyen li kase? Kisa yo wè ki pase a glas la lè yo jwe ak li pi long?

Bati yon kreyasyon nan glas la! Eseye mete pyès glas yo youn sou tèt lòt, oubyen eseye yon diferan stil.